

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throwway this bad sickness comot for our country.

Coronavirus na serious threat to Naija pipo -- wey be over 180 million – because the healthcare system weak, the pipo dey very poor, the living conditions no good and the Government too dey corrupt. Economic and insecurity conditions for Naija dey bad before this coronavirus kasala burst, and Naija dey already score fail for health parameters; pipo too dey die and life expectancy dey poor. When and if coronavirus enter communities wey get high population for Naija, kasala go burst.

E dey important make Naija handle this pandemic in a way wey dey progressive and transparent, to ensure the well-being of citizens, build resilience and prevent any social conflict wey fit happen sharp sharp. This na huge challenge for Naija, but na also opportunity to renovate public health systems, improve relationship between Naija pipo and those who dey in power, and improve governance.

COVID-19 cases don dey reduce for Naija?

Di Nigeria Centre for Disease Control (NCDC) don warn say even though e dey look like say COVID-19 cases for we country don dey reduce, , e fit no be true as Nigeria never do enough test and we still fit see round 2 for this matter.

Nigeria don record 36% national reduction for di number of cases since August compared to July, while the positive ratio don drop from 20 per cent in June to 7 per cent in July. But di only states wey fit use their chest predict say cases dey reduce na Lagos and Kano, FCT join too, because dem don test plenty people, but we no fit talk the same tin for our National level because some states no dey do the tests.

NCDC don talk say dem no fit interpret the data wey dem get from Taraba, Adamawa, Kogi, Nasarawa, Niger, Kebbi, Zamfara, Jigawa and Yobe States because dem no get enough data wey dey commot from these states to confirm whether dem dey improve or not or where dem dey gon.

Some countries wey see reduction in number of cases for beginning don dey see say e don dey come back, like for England, France, Ukraine, Israel and Czech Republic. E dey important make we continue to dey take measures to control the spread of COVID-19 for Naija like make we dey wear our masks, dey do physical distancing and make we maintain better cleanliness.

Schools Reopening

COVID-19 cases don dey reduce for Naija?

Di Federal Government of Nigeria don permit the reopening of schools nationwide and don ask make state governments decide when and how dey won allow di reopening of schools.

Con join this matter, di Presidential Task Force on COVID-19 don disclose say dey don release 1 billion Naira each to 32 state governments for make dem dey push di COVID-19 response; but, dey no talk di states wey go benefit.

These na di states wey don talk their resumption plans:

S/N	State	Resumption date	Schools affected
1	Lagos	August 4	Exit classes
		September 14	Tertiary institutions
		September 21	Primary and Secondary
2	Osun	August 4	Exit classes
		September 21	Primary and Secondary
3	Oyo	August 4	Exit classes
		September 21	Primary and Secondary
			Tertiary
4	Ogun	August 4	Exit classes
5	Ondo	August 4	Exit classes
6	Ekiti	August 4	Exit classes
7	Bayelsa	September 7	Primary 6
		August 4	Exit classes
8	Delta	August 4	SS3
		September 8	JSS3
		September 16	Primary 6
		September 21	Tertiary
9	Rivers	August 4	Exit classes
		September 14	Primary, Secondary and Tertiary
10	Kogi	September 14	Primary, Secondary and Tertiary
11	Benue	August 4	Exit classes
12	Niger	August 4	Exit classes
13	Kwara	August 4	Exit classes
14	Abuja-FCT	August 4	Exit classes (Secondary and Tertiary)

YEYE TORI



Antiretroviral drugs fit prevent or cure COVID-19

COVID-19 na disease from God

Everyone wey get COVID-19 go die

You need dey with person for 10 minutes to catch the coronavirus

Coronavirus start because some people chop bat soup

VS



TRUE TORI

No scientific evidence dey to confirm say antiretroviral drugs dey fight the virus. Studies don show say drugs like Lopinavir and Ritonavir no get benefit in terms of to cure person wey get am or to reduce the virus load for their body.

Plenty Nigerians don conclude say coronavirus na disease from God to punish politicians and the rich people. But see ehn, the virus no dey respect social class or profession, and e dey dangerous to everybody.

COVID-19 only dey very deadly for small percentage of people. For report, Chinese CDC conclude say 80.9% of COVID-19 cases no dey too serious. WHO also report say for around 80% of people their own form of the disease no go dey too serious, and they no go need specialist treatment for hospital.


The longer person stay with anoda of hin padi wey don catch the virus, the more that person fit catch am, but e still possible to catch am under 10 minutes.

Even though scientists dey confident say the virus start for inside animals, evidence no dey to talk say e come from any type of soup.

COVID-19 monthly case chart

COVID 19 CASES BY MONTH (APRIL - AUGUST, 2020)

■ Cases ■ Recoveries ■ Deaths



CORONAVIRUS UPDATE FOR NAIJA AT AS TODAY - 23/09/2020

57,724

CONFIRMED CASES

1,102

DEATHS

48,985

RECOVERED

494,577

TESTED